



# Lwa penal pou minè - Ley penal juvenil

Lwa sa a enfòmè sou kòman yo sanksyone yon timoun lè li komèt yon move zak.

## ◦ Kisa Lalwa etabli sou Responsabilite penal yon Adolesan (timoun ki pa ko gen 18 an)?

Li etabli yon sistèm responsabilite penal pou timoun ant 14 ak 18 an ki vyole Lalwa penal. Objektif prensipal la se reentegre timoun sa a nan sosyete a a travè yon pwogram espesyal.

## ◦ Ki karakteristik prensipal li?

- Etabli pwosedi, fiskal ak defansè espesyalize.
- Etabli pwogram reentegrasyon.
- Li mete fin avèk demach pou jijman yo.
- Etabli responsabilite kriminèl depi laj 14 an, distenge de (2) segman : 14 a 16 ak 16 a 18 an.
- Sèlman pou krim ki pi grav yo yo ka mete l nan prizon

## ◦ Ki dwa timoun ki komèt move zak yo genyen?

- Konnen rezon arestasyon an epi wè lòd ki bay la tou, sof si yo ta kenbe li nan zak la.
- Enfòmè li sou reyalyite ki endike dwa li yo: pou l rete an silans, yo pa dwe fòse l pale epi yo dwe transfere devan yon jij nan lespas 24 èdtan.
- Fè li jwenn yon avoka. Si li pa fè sa, Leta a dwe ba li youn.
- Pandan ke yo detèmine ke li koupab, li gen dwa pou yo trete kòm inosan.
- Si yo retire libète akize a, li gen dwa pou yo separe l de adilt yo.
- Yo dwe trete l avèk diyite, li pa ta dwe sibi pinisyon kòporèl, ni sanksyon ki ka mete sante fizik li ak mantal li an risk.

## ◦ Ki sanksyon lalwa bay yon adolesan ki fè yon zak a karaktè penal?

Gen twa (3) kalite sanksyon:

- Retire libète;
- yon sanksyon san w pa nan prizon;
- epi sanksyon akseswa.

Sanksyon retire libète: gen prizon a rejim fèmèn oubyen semi-fèmèn, anplis sanksyon akseswa. Rejim fèmèn an oblije timoun yo reyalye aktivite nan SENAME. Rejim semi-fèmèn an oblije timoun nan viv nan yon sant, men li gen pwogram ke li ka devlope an deyò etablisman an. Nan tou de (2) rejim yo gen fason pouw fin etid ou, aprann metye, tretman pou adiksyon e ranfosman lyen avèk fanmi an.

Sanksyon san yo pa retire libète:

• **Libète avèk asistans e libète ak asistans espesyal**, kote yon delege gide adolesan an epi ak kontwòl li, yo dwe chèche jwenn aksè nan pwogram pou reentegrasyon. Sanksyon sa a pa depase twa zan.

• **Reparasyon domaj ke viktim nan koz**, li ka yon pèyman ak lajan kach, restitasyon objè a nan enfraksyon an oswa yon sèvis gratis nan non li.

• **Sèvis pou benefis kominote a**, atravè aktivite ki pa peye e ki p ap depase plis pase 4 èdtan pa jou, ki kapab pataje ak etid yo oswa travay adolesan an. Sanksyon an pral gen yon ekstansyon minimòm 30 èdtan ak yon maksimòm 120.

• **Amann ak amonestasyon**. Jij la ka fè peye yon amann ki pa plis pase 10 UTM ki ka peye pa vèsman oubyen ki kapab ranplase pa sèvis kominotè.

**Sanksyon akseswa**: Sa gen pou wè ak reyabilitasyon pou adiksyon dwòg ak alkòl. Li posib pou yo etabli yon entèdiksyon pou kondwi veyikil a motè jiskaske yo rive nan laj 20 an.

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**